

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

Dina ieu bab dipedar ngeunaan desain panalungtikan, data jeung sumber data, téhnik ngumpulkeun data, instrumén panalungtikan, jeung téhnik ngolah data.


3.1 Desain Panalungtikan

Ieu panalungtikan ngagunakeun pamarekan kualitatif. Pamarekan kualitatif nyaéta pamarekan panalungtikan anu anyar, lantaran can lila dipakéna. Ilaharna ieu pamarekan ogé sok disebut pamarekan postpositivistik, lantaran dasarnya nyaéta filsafat postpositivisme. Ieu pamarekan leuwih nekenkeun instrumén panalungtikanana ku panalungtikna sorangan (Mulyadi, 2011, kc. 131). Nurutkeun Creswell (2017, kc. 245) pamarekan kualitatif ngagunakeun data anu mangrupa téks jeung gambar, sarta miboga léngkah-léngkah analisis data anu has, jeung asal sumber datana tina strategi panalungtikan anu béda-béda. Saluyu jeung nu ditétélakan ku Sugiyono (2019, kc. 18) yén pamarekan kualitatif nyaéta pamarekan anu digunakeun pikeun nalungtik objék nu alamiah, (minangka lawan tina eksperimen) dimana panalungtik salaku instrumén konci.

Métode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta métode déskriptif analitik. Métode déskriptif mangrupa métode anu ngagambarkeun kaayaan obyék nu ditalungtik. Saluyu jeung nu ditétélakeun ku Arikunto (2010, kc. 3) yén kecap déskriptif asal kecapna tina basa Inggris nyaéta “*to describe*” nu hartina ngajelaskeun ngeunaan hiji hal, umpamana kaayaan, kajadian, kagiatan, atawa hal séjén, anu hasilna dijelaskeun dina wong laporan panalungtikan. Data nu dikumpulkeun dina ieu panalungtikan mangrupa data nu sumberna tina nganalisis novél *Ngawadalkeun Nyawa* karya Moh. Ambri.

Dumasar kana pamarekan jeung métodena, dina ieu panalungtikan dibutuhkeun hiji desain panalungtikan, sangkan bisa ngagampangkeun panaluntikan. Desain panalungtikan bisa méré gambaran nu jelas kana kagiatan anu kudu dilakukeun jeung méré gambaran hal anu bakal karandapan atawa geus karandapan ku panalungtik saacanna (Mulyadi, 2013, kc. 72). Dina ieu panalungtikan desain panalungtikan dipidangkeun dina bagan 3.1.


Bagan 3. 1 Désain Panalungtikan



3.2 Data jeung Sumber Data

Sumber data dina ieu panalungtikan nyaéta novél *Ngawadalkeun Nyawa* karya Moh. Ambri pedalan PT. Kiblat Buku Utama. Saluyu jeung pamadegan Arikunto (2010, kc. 172) yén anu dimaksud sumber data dina panalungtikan nyaéta subjék anu dipaké pikeun nyangking data. Sumber data ngarujuk kana asal data panalungtikan nu dicangking jeung dikumpulkeunn ku panalungtik (Wahidmurni, 2017, kc. 8). Upama panalungtik ngagunakeun studi pustaka, anu jadi sumber datana nyaéta catetan atawa tulisan-tulisan, sedengkeun eusina mangrupa subjék panalungtikan. Anapon data dina ieu panalungtikan nya éta pakeman basa nu aya dina novél *Ngawadalkeun Nyawa* Karya Moh. Ambri.

3.2.1 Idéntitas Novél



Judul Buku : Ngawadalkeun Nyawa

Pangarang : Moh. Ambri

Pamedal : PT Kiblat Buku Utama

Taun Medal : Citakan ka-1 Oktober 2014

Kandelna : 77 Kaca

Gambar 3. 1

Dina taun 2014, sastra Sunda dieuyeuban ku medalna buku Novél Rika Yustika, 2021

GAYA BASA DINA PAKEMAN BASA PIKEUN BAHAN PANGAJARAN IDIOM DI KELAS IX SMP (ULIKAN STILISTIKA KANA NOVÉL NGAWADALKEUN NYAWA KARYA MOH. AMBRI)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Ngawadalkeun Nyawa mangrupa salah sahiji novél Sunda karya Moh Ambri. Salian kitu, novél *Ngawadalkeun Nyawa* medal taun 2014 nu mangrupa novél populér Moh. Ambri nu ngagambarkeun tradisi

Islam nu raket patalina jeung urang Sunda. Dina novél ilaharna kapaluruuh ungkara-ungkara ngeunaan pakeman basa. Contona saperti ieu di handap. “Tukang ngurus kebon wungkul aya duaan katilu mandorna, tapi lain mandor jentul, bentik curuk balas nunjuk, ieu mah sarua baé jeung babaturna, pada-pada digawé, ngan nya manéhna jadi kokolotna”(Ambri, 2014, kc. 9).

3.3 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik ngumpulkeun data anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta téhnik ulikan pustaka (studi pustaka). Téhnik studi pustaka mangrupa survei kana data nu geus aya, neuleuman tiori-tiori anu geus aya sarta ditalaah sacara gemet (Nazir, 2014, kc. 79). Saluyu jeung pamadegan Arikunto (2010, kc. 85) yén téhnik ulikan pustaka dilaksanakeun ku cara nalaah buku sumber nu geus aya pakuat-pakaitna jeung konsép tioritis sarta bahasan pasualan panalungtikan. Téhnik studi pustaka digunakeun pikeun ngumpulkeun data pakeman basa dina novél *Ngawadalkeun Nyawa* karya Moh. Ambri. Léngkah-léngkah ngumpulkeun data anu baris dilaksanakeun nyaéta saperti ieu di handap.

- 1) Maca novél *Ngawadalkeun Nyawa* minangka sumber data nu dianalisis wanda pakeman basa.
- 2) Nyirian pakeman basa nu aya dina novél *Ngawadalkeun Nyawa* dumasar kana wandana.
- 3) Nyatet pakeman basa nu aya dina novél *Ngawadalkeun Nyawa* kana kartu data.
- 4) Mindahkeun data pakeman basa nu aya dina kartu data kana tabél data.

3.4 Instumen Panalungtikan

Instrumén panalungtikan nyaéta anu hiji alat anu dipaké dina panalungtikan ngaliwatan hiji métode (Arikunto, 2010, kc. 192). Saluyu jeung Sugiyono (2019, kc. 283) yén Instrumén panalungtikan mangrupa alat pikeun ngumpulkeun data. Instrumén anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta kartu data. Dina unggal paragrap nu aya dina novél *Ngawadalkeun Nyawa* anu ngandung pakeman basa

disalin kana kartu data, diébréhkeun kode sumber data jeung data déskripsi tina data nu kapanggih. Kartu data dina ieu panalungtikan bisa katitén ieu di handap.

Bagan 3. 2 Kartu Data

KARTU DATA	
<i>(Pakeman basa anu dicutat). (kode data sumber cutatan)</i>	
Analisis pakeman basa	
Wanda pakeman basa :	
Gaya basa	:

Keterangan kartu data:

- (a) Pakeman basa anu dicutat
- (b) Kode data sumber cutatan dina ieu kartu data nyaéta:
(NN/3/2/1) nuduhkeun novél *Ngawadlakeun Nyawa* dina kaca
tilu, paragrap kadua, kalimah kahiji.
- (c) Analisis pakeman basa dumasar kana:
 - (1) Wanda pakeman basa
 - (2) Gaya basa

3.5 Téhnik Ngolah Data

Téhnik ngolah data dina ieu panalungtikan nyaéta ngagunakeun analisis unsur langsung. Téhnik ngolah data mangrupa kagiatan nganalisis jeung ngolah data. Nurutkeun Nazir (2014, kc. 315) anu dimaksud téhnik ngolah nyaéta ngelompokkeun, nyieun hiji runtusan, ngamanipulasi, sarta nytinggetkeun data sangkan babari dibaca. Anu dianalisis dina ieu panalungtikan nyaéta wanda pakeman basa jeung gaya basa dina pakeman basa. Éta data diolah kalawan léngkah-léngkah ieu di handap.

- 1) Niténan deui pakeman basa anu geus dikumpulkeun.
- 2) Nyieun papasingan data dumasar wanda pakeman basa.
- 3) Ngadéskripsikeun wanda pakeman basa nu kapaluruh.
- 4) Nangtukeun gaya basa nu nyampak dina pakeman basa.

- 5) Ngadéksripsiéun gaya basa nu nyampak.
- 6) Nyieun tafsiran jeung kacindekan tina hasil ngolah data.
- 7) Nyusun bahan ajar pakeman basa anu kapaluruh dina novél Ngawadalkeun Nyawa Karya Moh. Ambri pikeun bahan pangajaran siswa SMP kelas IX.